



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN DEZYÈM FAZ POU NOUVO SANT MODÈN RONKONKOMA A

**55 milyon dola investisman eta a sipòte kreyasyon enstalasyon nouvo paking, modènizasyon egou ki esansyèl, ak espas plizyè izaj**

***Faz de a pral kreye 388 kay rezidansyèl, 88,500 pye kare espas komèsyal ak biwo, ak plis pase 1,200 espas paking***

***Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman dezyèm faz sant modèn 700 milyon dola a Ronkonkoma a, yon devlopman plizyè izaj nan Vil Brookhaven, Konte Suffolk. Dezyèm faz devlopman 256 milyon dola a ap kreye 388 inite lojman, 73,000 pye kare espas komèsyal, 15,500 pye kare espas biwo, ak plis pase 1,200 espas paking. Empire State Development (ESD) ap sipòte pwojè sa ak yon sibvansyon kapital 50 milyon dola nan kad finansman Pwogram Envestisman Transfòmatif ki te atribye pou Long Island nan bidjè 2017 Eta New York la. ESD te bay 5 milyon dola anvan, ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island lan te rekòmande pou sipòte yon nouvo izin trètman egou ak amelyorasyon enfrastrikti egou yo.

"Sant Ronkonkoma ap yon gran pa an avan nan konstriksyon ekonomi New York ak revitalizasyon avni Long Island," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwochen faz Sant Ronkonkoma sa favorize angajman nou pou investi nan devlopman transfòmatif pou pote espas rezidansyèl ak komèsyal pou Long Island. New York ap kontinye fè investisman ki odasye, estratejik pou sipòte redevlopman ak efò revitalizasyon atravè Eta a."

Pwojè Sant Ronkonkoma a ki te devlope pa TRITEC Real Estate, Inc., ap transfòme yon zòn ki te devaste yon lè an yon nouvo destinasyon pou viv-travay-jwe ki sitiye a kèk pa de estasyon Long Island Rail Road lan, epi a sèlman kèk minit Ayopò MacArthur, sèl gwo ayopò komèsyal Long Island. Faz en pwojè sa te kreye Alston Square, yon kominote apatman 500 inite ki te fini an mas 2020. Yo prevwa pou faz de a fini nan fen 2024.

**Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare,** "Sant Ronkonkoma a apiye angajman ESD a pou

opòtinite ekonomik ki fè transfòmasyon lè li revitalize yon zòn ki te ravaje pou kreye yon kominote dinamik epi aktif. Pwojè sa ap kreye nouvo espas rezidansyèl, ap sipòte plizyè milye djòb konstriksyon pèmanan nan kominote a, pandan l ap ede katalize kwasans ekonomik rejyonal la."

Sant Ronkonkoma ap travèse apeprè 21 ekta, k ap ofri 1,450 mezon rezidansyèl pou plizyè fanmi, 360,000 pye kare espas biwo, 195,000 pye kare espas magazen vant an detay ak 60,000 pye kare espas akèy, ak twa nouvo enstalasyon paking. Pwojè jeneral la ap sipòte 10,000 djòb nan domèn konstriksyon ak 2,500 djòb pèmanan. Pwojè a konplete modènizasyon 2018 estasyon LIRR Ronkonkoma a, ki te resevwa 5.9 milyon dola nan modènizasyon pou sipòte eksperyans kondiktè yo ki enkli siyalizasyon dijital entèraktif ak afichaj LED, ban ki gen bòn pou chaje, ak Wi-Fi gratis pou kliyan.

**Direktè TRITEC la, Jim Coughlan te deklare,** "Station Square a nan Sant Ronkonkoma Hub te yon efò kominotè epi li pa t ap posib san kowoperasyon nan tout nivo gouvènman an. Envestisman Eta New York nan enfrastrikti ak paking te pèmèt TRITEC investi plis pase 425 milyon dola nan Ronkonkoma nan de premye faz konstriksyon an. Nou enpasyan pou konstui Station Square la epi transfòme Ronkonkoma an yon vrè destinasyon plizyè izaj ki akse sou transpò ke Long Island ka fyè de li."

**Senatè Alexis Weik te deklare,** "Mwen pa ka tann faz de a paske l ap pote biznis ak lojman nan Ronkonkoma. Nou espere pwoksimite li ak estasyon tren an ap ankouraje kwasans biznis pou vil nou an."

**Manm Asanble Doug Smith te deklare,** "Aprè plis pase yon deseni rankont kominotè, mwen ankouraje pou wè bèl devlopman modèn sa ranplase yon zòn ki te devaste epi abandone nan kè distri mwen an, ki antoure sant sikilasyon ki pi frekante Long Island lan. Pandan n ap antre nan dezyèm faz la, pwojè sa te deja kreye djòb epi ogmante valè pwopriyete yo nan kominote a epi l ap kontinye obsève plizyè santèn milyon dola nan envestisman prive nan Ronkonkoma. M ap kontinye travay ak patnè mwen yo nan eta ak gouvènman lokal la pou fè Long Island yon pi bon kote ki pi bon mache, pou viv, travay, leve yon fanmi, kòmanse yon biznis, epi pran retrèt."

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** "Devlopman ki akse sou transpò tankou Sant Ronkonkoma, se egzakteman sa nou bezwen isit la nan Konte Suffolk pou ede kenbe epi atire jèn moun epi rete konpetitif antanke yon rejyon. Pwojè sa kontinye avanse ak tout boulin, k ap transfòme yon zòn devaste an yon sant ki anime epi ki adapte pou pyeton k ap sèvi kòm yon modèl 21èm syèk pou jan de pwojè devlopman ekonomik sa yo ke nou bezwen pou kontinye devlope ekonomi nou an nan yon fason ki dirab."

**Sipèvizè Vil Brookhaven, Ed Romaine, te deklare,** "Vil Brookhaven te travay ak devlopè prensipal sant Ronkonkoma a pou fè pwojè transfòmasyon sa pa pwoksimite li ak estasyon tren Ronkonkoma wout ray Long Island lan, Ayopò MacArthur ak Expressway Long Island lan. Se kote ideyal pou moun viv espesyalman si yo deplase

pou ale travay nan tren. Li te sèvi tou kòm yon gwo egzanp revitalizasyon pou lòt kominote yo swiv. Lè li fini, l ap amelyore kalite lavi moun k ap viv ak travayladan l ak nan zòn anviwon an anpil epi kreye kwasans ekonomik enpòtan pou rejyon an."

**Sipèvizè Islip, Angie Carpenter, te deklare,** "Dezyèm faz Sant Ronkonkoma a se yon lòt etap nan transfòmasyon zòn ki te mal itilize sa an yon destinasyon dinamik, ki aksesib apye epi ki konsyan sou plan anviwònman pou viv, travay epi fè acha."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)